

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode Panalungtikan bisa dihartikeun salasahiji cara pikeun nyangking data minangka bahan ngahontal tujuan panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode ékspérimén, anu mangrupa panalungtikan nu nyobaan maluruh patali sabab-musabab dina ngalakonan manipulasi variabel bébas, sarta kontrol kana pangaruh-pengaruh nu ngajadikeun hasil ékspérimén henteu valid, sarta ngalakukeun observasi kana hasil nu nyampak tina *perlakuan* atawa manipulasi variabel (Jakni, 2016: 68). Ku kituna, ieu bab medar ngeunaan (1) desain panalungtikan, (2) populasi jeung sampel, (3) instrumén panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, (5) prosedur panalungtikan, jeung (6) téhnik analisis data.

3.1 Setting Panalungtikan

Setting panalungtikan ngawengku: lokasi, subjék, jeung waktu dilaksanakeunnana panalungtikan.

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 14 Sukabumi, Jl. Garuda No. 95 Kec. Baros Telp. 0266229237 Kota Sukabumi

3.1.2 Subjék Panalungtikan

Subjék dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIIC nu jumlahna 30 urang.

3.1.3 Waktu Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun dina Semester Gasal, Agustus 2020. Sedengkeun wincikan waktu lumangsungna kagiatan dijéntrékeun dina ieu tabél di handap.

Tabel 3.1
Waktu Panalungtikan

No	Kegiatan	Tanggal
1	<i>Pre-Test</i>	6 Agustus 2020
2	<i>Treatment</i>	6 Agustus 2020
3	<i>Post-Test</i>	6 Agustus 2020

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan digunakeun pikeun méré gambaran hiji panalungtikan dilaksanakeun dina raraga maluruh data panalungtikan. Ieu panalungtikan didesain ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalayan ngagunakeun métode ékspériméntal.


Métode ékspériméntal mangrupa métode nu dilakukeun ku cara nguji hiji hal nu aya patalina jeung sabab akibat, ngaliwatan hiji usaha nu dilakukeun ku panalungtik. Ieu hal saluyu jeung nu ditétélakeun ku Sugiyono (2010: 107) yén métode ékspériméntal mangrupa métode panalungtikan nu digunakeun pikeun néang pangaruh hiji hal anu disababkeun ku hal séjén anu dikontrol ku panalungtik.

Lian ti éta, Sutedi (2011: 64) nétélakeun yén panalungtikan ékspériméntal atawa panalungtikan uji coba mangrupa salasahiji métode nu digunakeun dina widang pangajaran anu tujuanna pikeun nguji éféktivitas jeung éfésiénsitina hiji pamarekan, métode, téhnik, jeung média pangajaran, sangkan hasil anu dilarapkeunana ogé hadé.

Tina pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén metode ékspérimén téh nyaéta métode nu bisa dipaké pikeun nguji éféktivitas hiji téhnik, métode atawa média pangajaran.

Nurutkeun Sugiyono (dina Jakni, 2016, kc. 69) aya sababaraha wangun desain ékspérimén nu digunakeun dina panalungtikan, nyaéta: *Pre-Experimental Design*, *True Experimental Desain*, *Factorial Design*, jeung *Quasi Experimental Design*. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *Quasi Experimental Design*.

Kuasi ékspérimén mangrupa kamekaran tina *true experimental design*, nu hésé dilaksanakeun. Dina ieu panalungtikan digunakeun rarancang *one-group pretest-posttest design*, saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 One-Group *Pretest-Posttest* Design
(Sugiyono dina Jakni, 2016 kc.70).

Katerangan:

- O₁ = Kamampuh siswa dina pangajaran paguneman saméméh ngagunakeun média pilem pondok
- O₂ = Kamampuh siswa dina pangajaran paguneman sabada ngagunakeun média pilem pondok
- X = Pangajaran paguneman ngagunakeun média pilem pondok

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta pakakas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data minangka matotoskeun masalah panalungtikan jeung ngahontal udagan panalungtikan. Lamun data nu ditarima henteu akurat (*valid*) mangka kacindekkan moal luyu. (Jakni, 2016, kc. 151)

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés. Nurutkeun Sudjana jeung Ibrahim (2014, kc. 100) tés nyaéta pakakas ukur nu dibérékeun ka individu pikeun maluruh jawaban-jawaban nu diharepkeun hadé sacara tinulis atawa sacara lisan atawa sacara paripolah. Jadi, tés mangrupa évaluasi kana hasil diajar. Saluyu jeung pamadegan di luhur, tés nu aya dina ieu panalungtikan mangrupa pakakas ukur jeung dipaké minangka ngumpulkeun data panalungtikan pikeun mikanyaho éféktivitas média pilem pondok kana kamampuh nganalisis téks paguneman siswa.

Ngumpulkeun data dimimitian ku cara méré *pre-test*, nyaéta tés awal nu digunakeun pikeun ngukur kamampuh nyangkem eusi paguneman saméméh ngagunakeun média pilem pondok. Tuluy, méré *post-test*, nyaéta tés ahir nu digunakeun pikeun ngukur kamampuh nyangkem eusi paguneman sabada ngagunakeun média pilem pondok. Hasil tina ieu tés, tuluy dibandingkeun pikeun mikanyaho aya henteuna béda nu signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem pondok dina pangajaran paguneman.

Ieu tés mangrupa pilihan ganda/*multiple choice* (PG) kalayan disadieukeun opat pilihan jawaban, jumlah soalna sapuluh, kalayan kisi-kisi saperti ieu di handap.

Tabél 3.2

Ranah Soal Pilihan Ganda

Indikator	Ranah	Nomer Soal	Bobot Soal
Nangtukeun pakta dina téks paguneman kalayan bener.	C2	1	10
Nangtukeun palaku dina téks paguneman kalayan bener.	C2	2	10
Nyindekkeun sétting tempat dina téks paguneman kalayan bener.	C4	3	10
Nyindekkeun jumlah palaku dina téks paguneman kalayan bener.	C4	4	10
Nangtukeun pakta dina téks paguneman kalayan bener.	C3	5	10

Indikator	Ranah	Nomer Soal	Bobot Soal
Nangtukeun palaku dina téks paguneman kalayan bener.	C2	6	10
Nangtukeun palaku dina téks paguneman kalayan bener.	C2	7	10
Nangtukeun sétting waktu téks paguneman kalayan bener.	C2	8	10
Nangtukeun palaku dina téks paguneman kalayan bener.	C2	9	10
Nangtukeun pakta dina téks paguneman kalayan bener.	C2	10	10


3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina prak-prakanana aya sababaraha téhnik panalungtikan anu kudu dilakukeun ku panalungtik, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Ieu téhnik tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa nyangkem paguneman siswa.

Tés dilaksanakeun dua kali di unggal kelas, tés kahiji nyaéta ngukur kamampuh siswa saméméh dibéré média pilem pondok, tés anu kadua nyaéta ngukur kamampuh siswa sabada ngagunakeun média pilem pondok.

3.5 Prosedur Panalungtikan

Tahap prak-prakan di kelas nu ngagunakeun média pilem pondok dibéré *treatment* média pilem pondok. Aya sawatara tahapan kagiatan anu kudu dipilampah, prosedur panalungtikan bisa katitén dina bagan 3.2 di handap.



Bagan 3.2 Prosedur Panalungtikan

a. Tahap Tatahar

Tahap tatahar mangrupa tahap awal anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) idéntifikasi masalah dina pangajaran paguneman siswa kelas viic smp negeri 14 sukabumi;
- 2) ngarumuskeun masalah;
- 3) observasi jeung talaah pustaka;
- 4) nyusun instrumén panalungtikan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola smp negeri 14 sukabumi;

- 5) ngarumuskeun hipotésis; jeung
- 6) ngajukeun proposal skripsi.

b. Tahap Prak-Prakan

Pikeun mikanyaho kamampuh nganalisis paguneman siswa. Panalungtik ngalaksanakeun *pre-test* ka kelas ékspérimén saméméh dibéré *treatment* média pilem pondok. Tuluy ngalaksanakeun pangajaran di kelas ékspérimén sabada dibéré *treatment* média pangajaran pilem pondok.

Post-test diayakeun pikeun mikanyaho bébédan skor saméméh jeung sabada siswa nu ngagunakeun média pilem pondok. Tahap ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta saperti di handap.

- a) Ngolah hasil data ahir *pre-test* jeung *post-test* ngagunakeun SPSS PASW versi 18.
- b) Nyusun laporan jeung kacindekkan tina hasil panalungtikan.

3.6 Téhnik Analisis Data

Nurutkeun Furqon (2018, kc. 17) analisis data dina panalungtikan kuantitatif dilakukeun kalayan ngagunakeun téksnik statistika saluyu jeung masalah jeung tujuan panalungtikan sarta jinis data nu dianalisis. Hal nu perlu ditekenkeun di dieu nyaéta yén téhnik statistika kudu dianggap salaku pakakas bantu dina maham data panalungtikan, lain minangka gaganti kamampuh jeung kaparigelan panalungtik. Sababaraha implikasi tina éta pedaran nyaéta:

- a. Analisis data kudu museur kana masalah panalungtikan jeung informasi nu diperlukeun pikeun matoskeun éta masalah. Jadi, katepatan analisis data henteu dinilai tina canggihna téhnik statistika nu digunakeun, tapi naha informasi nu dihasilkeun saluyu jeung cukup pikeun ngajawab patalékan panalungtikan atawa pikeun nguji hipotésis.
- b. Panalungtik henteu ngagumantungkeun diri, sacara buta, kana angka atawa koéfisién nu dicangkem tina ngagunakeun téhnik statistik.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh nganalisis téks paguneman siswa di antarana.

- a. Meunteun hasil *pre-test* jeung *post-test* paguneman siswakelas nu ngagunakeun média pilem pondok jeung kelas nu ngagunakeun média konvensional dumasar kana tujuh aspék dina tabel di handap:

Tabél 3.3

Skor Nganalisis Téks Paguneman

No.	Indikator	Déskripsi Soal	No. Soal	Skor Maks.
1	Nangtukeun pakta dina téks paguneman kalayan bener.	Kagiatan naon anu digunemkeun paguneman di luhur? a. Sawala b. Hajatan c. Ujian d. Diajar	1	10
2	Nangtukeun palaku dina téks paguneman kalayan bener.	Saha anu ngucapkeun salam? a. Vivi b. Aul c. Euis d. Raédy	2	10
3	Nyindekkeun sétting tempat dina téks paguneman kalayan bener.	Kira-kira di mana barudak téh kumpulna? a. Tajug b. Pabukon/Perpus c. Sakola d. Imah Raédy	3	10
4	Nyindekkeun jumlah palaku dina téks paguneman kalayan bener.	Sabaraha urang anu teu bisa datang kana éta kumpulan? a. Lima urang b. Sapuluh urang c. Genep urang d. Dua urang	4	10
5	Nangtukeun pakta dina téks paguneman kalayan bener.	Naon alesanna maké teu bisa datang kana éta kumpulan? a. Ku sabab udur b. Ku sabab horéam c. Ku sabab kamarina karak balik ti Pangandaran d. Ku sabab kulawarga jauhna aya nu datang	5	10
6	Nangtukeun palaku dina téks paguneman kalayan bener.	Saha nu ngajak ngamimitian kagiatan di luhur? a. Euis b. Aul c. Salma	6	10

No.	Indikator	Déskripsi Soal	No. Soal	Skor Maks.
		d. Raédy		
7	Nangtukeun palaku dina téks paguneman kalayan bener.	Saha nu ngahayukeun ngamimitian kagiatan di luhur? a. Raédy b. Euis c. Dini d. Vivi	7	10
8	Nangtukeun sétting waktu téks paguneman kalayan bener.	Poé naon éta kagiatan diayakeunana? a. Senén b. Salasa c. Kemis d. Jumaah	8	10
9	Nangtukeun palaku dina téks paguneman kalayan bener.	Kira-kira saha anu ngaluluguan kagiatan di luhur? a. Raédy b. Euis c. Salma d. Élnino	9	10
10	Nangtukeun pakta dina téks paguneman kalayan bener.	Kagiatan naon nu munggaran diasongkeun ku Euis? a. Sasalad b. Maca c. Sawala d. Sholawatan	10	10

Keterangan:

Skor idéal = 100

Nilai idéal = 100

Nilai KKM = 70

- b. Méré peunteun jeung nganalisis hasil *pre-test* jeung *post-test* paguneman siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem pondok, kalawan ngagunakeun rumus.

$$\frac{\text{Jumlah skor}}{\text{Jumlah Skor maksimal}} \times 100$$

3.6.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data hiji panalungtikan, bisa ku cara uji normalitas jeung uji

homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun program SPSS PASW versi 18. *Statistical Product and Service Solutions* (SPSS) nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik.

Data nu dianalisis nyaéta hasil *pre-test* jeung *post- test* kamampuh paguneman saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem pondok kalayan uji normalitas

Uji normalitas udagannana pikeun ngabuktikeun normal atawa henteuna data panalungtikan. Dina ieu panalugtikan diuji normalitas data hasil nganalisis paguneman, saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem pondok.

Uji normalitas data dina ieu panalungtikan ngagunakeun SPSS PASW versi 18, éta data normal lamun indéks uji *Kolmogorov-Smirnov* nyaéta $P > 0,05$.

3.6.2 Uji Hipotésis

Uji Hipotésis dilakukeun pikeun nguji ditarima atawa henteuna hipotésis. Saupama data hasil uji normalitas miboga distribusi data anu normal, data hipotésis di uji ngagunakeun statiktis paramétris kalayan ngagunakeun Program SPSS PASW vérsi 18, saupama éta data miboga distribusi anu teu normal, nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-paramétris.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap:

H_0 (Hipotésis_{not}) = Teu aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun Média Pilem Pondok dina pangajaran paguneman siswa kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi Taun ajar 2020/2021.

H_a (Hipotésis_{alternatif}) = Aya béda anu signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun Média Pilem Pondok dina pangajaran paguneman siswa kelas VIIC SMP Negeri 14 Sukabumi Taun ajar 2020/2021